

Enfòmasyon enpòtan sou Matematik pou Klas 5yèm Ane



Adisyon e Soustraksyon Avèk Desimal

Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon nouvo inite detid nan matematik ki rele Adisyon ak Soustraksyon avèk Desimal. *Inite detid sa a konsantre sou konpreyansyon valè plas chif desimal nan milyèm avèk adisyon e soustraksyon desimal nan santchèm kote yo itilize divès estrateji, ki enkli modèl. Objektif enstriktif espesifik pitit ou pral travay sou li a nan lis anba a avèk egzanp ki montre konprayansyon elèv yo sou chak objektif enstriktif.*

Objektif Enstriktif: Konprann valè plas chif desimal nan milyèm epi kapab li, ekri, konpare, e awondi desimal.																							
Egzanp Pwoblèm	Egzanp Solisyon Elèv yo																						
<p>Taylor mache yon distans 2.156 kilomèt pou ale lekòl. Evelyn mache yon distans 2.18 kilomèt. Kilès ki mache plis pou ale lekòl? Kilès ki abite pi lwen lekòl la?</p>	<div style="display: flex; justify-content: space-between;"> <div style="width: 60%;"> <p>$2.156 = 2\frac{156}{1,000}$</p> <p>Taylor abite $2\frac{156}{1,000}$ kilomèt avèk lekòl la.</p> <p>$2.18 = 2\frac{18}{100}$</p> <p>$2\frac{18}{100} = 2\frac{180}{1,000}$</p> <p>Evelyn abite $2\frac{180}{1,000}$ kilomèt avèk lekòl la.</p> </div> <div style="width: 35%; border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; text-align: center;"> <p>Mwen kapab itilize konpreyansyon mwen sou fraksyon avèk denominatè 10, 100, e 1,000 ak valè plas sou desimal pou kreye fraksyon ekivalan pou konpare distans</p> </div> </div>																						
<table border="1" style="margin: auto; border-collapse: collapse;"> <thead> <tr style="background-color: #f2f2f2;"> <th style="width: 15%;"></th> <th style="width: 15%;">Inite</th> <th style="width: 5%;">.</th> <th style="width: 15%;">Dizyèm</th> <th style="width: 15%;">Santchèm</th> <th style="width: 15%;">Milyèm</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Taylor</td> <td style="text-align: center;">2</td> <td style="text-align: center;">.</td> <td style="text-align: center;">1</td> <td style="text-align: center;">5</td> <td style="text-align: center;">6</td> </tr> <tr> <td>Evelyn</td> <td style="text-align: center;">2</td> <td style="text-align: center;">.</td> <td style="text-align: center;">1</td> <td style="text-align: center;">8</td> <td style="text-align: center;">0</td> </tr> </tbody> </table>							Inite	.	Dizyèm	Santchèm	Milyèm	Taylor	2	.	1	5	6	Evelyn	2	.	1	8	0
	Inite	.	Dizyèm	Santchèm	Milyèm																		
Taylor	2	.	1	5	6																		
Evelyn	2	.	1	8	0																		
<p>Evelyn abite $2\frac{180}{1,000}$ kilomèt avèk lekòl la. Taylor abite $2\frac{156}{1,000}$ kilomèt avèk lekòl la. Evelyn mache plis pou l ale lekòl la paske li abite pi lwen avèk lekòl la.</p>																							

Objektif Enstriktif: Adisyon e soustrè desimal nan plas santèm kote yo kapab itilize modèl, desen, avèk divès estrateji epi eksplike rezonman an.

Egzanp Pwoblèm	Egzanp Solisyon Elèv yo
<p>Oriana tap chèche papiyon favori li. Lajè zèl papiyon Purple Swallowtail yo mezire 5.22 cm. Lajè zèl papiyon Great Copper yo mezire 5.49 cm. Ki valè dimansyon zèl papiyon Swallowtail ak Great Copper yo?</p>	<p>$5 + 5 = 10$</p> <p>$0.22 + 0.49 = 0.71$</p>  <p>$10 + 0.71 = 10.71$</p> <p>Total dimansyon zèl papiyon Purple Swallowtail ak Great Copper yo se 10.71 cm.</p> <p><i>Pou jwenn total la, mwen kapab adisyon tout montan pasyèl yo mantalman epi itilize yon katran ki genyen san inite pou adisyon pati desimal yo. Answit mwen kapab konbine de sòm yo pou jwenn solisyon pwoblèm</i></p>
<p>Ethan te genyen \$14.63 nan pòch li. Li te achte yon sandwich pou \$3.79. Konbyen lajan ki rete nan pòch Ethan?</p>	<p>$\\$14.63 - \\$3.79 =$</p>  <p>$\\$10.00 + \\$0.63 + \\$0.21 = \\10.84</p> <p>Ethan genyen \$10.84 rete nan pòch li.</p> <p><i>Pou jwenn diferans lan, mwen kapab itilize yon liy ak chif pou adisyon. Yon fwa m fini estimasyon m, m kapab adisyon montan yo ansanm pou jwenn diferans la.</i></p>

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Mwen kapab reprezante epi rezoud pwoblèm kote mwen kapab itilize divès modèl apwopriye ke m kapab ajiste si sa nesèsè.



Bagay ou kapab fè lakay ou pou sipòte pitit ou nan inite detid sa:

Konprann valè plas sou desimal nan lavi reyèl:

- Chèche estatistik sou tanperati nan jounal oswa nan entènèt nan zòn kote ou abite. Ki mwayèn sou montan presipitasyon an pou mwa a? Konbyen lapli ki gentan tonbe deja pou mwa a? Nan ki distans ou ye pou rive nan mwayèn nan? Mwayèn pou mwa Janvyè se: 4.80 pous. Men pou mwa sa se : 3.94 pous

Adisyon e Soustrè Desimal nan Lavi Reyèl:

- Lè w ap achte nan magazen: “Si mwen achte yon sache nwa ki peze 1.08 kg ak yon sache zanmann ki peze 3.67 kg, konbyen nwa a ak zanmann nan peze antou”
- Lè n ap chèche distans: “Nou pral kouri yon Kous Relè pou Fanmi ki mezire 22.14 kilomèt. Si Manman kouri 16.79 kilomèt, ki distans mwen dwe kouri pou konplete kous la?”